# ПАКИСТАН ДЕЛЕГАЦИЯСЫ ҚАНЛЫКӨЛ РАЙОНЫНДА БОЛДЫ

Бүгин Пакистан Республикасының «AKD Group», «Tahir Asad Industries» ҳәм «Farm Dynamics Pakistan» компаниялары делегациясы аўыл хожалығы тараўында инвестициялық орталықты жетилистириў мақсетинде, Қанлыкөл районында болды.

Image not found or type unknown

Дәслеп, делегатлар Қанлыкөл районы ҳәкимлигинде, район ҳәкими Абу-Бакир Ибрагимов пенен ушырасты. Онда районның инвестициялық потенциалы, әсиресе, аўыл хожалығы тараўында заманагөй технологияларды қолланыўдың абзаллықлары, аймақта инвестициялық орталықты қәлиплестириўде өндиристиң қандай методларын қоллаў зәрүрлиги ҳаққында өз-ара сәўбетлесиўлер алып барып, бирлемши келисиўлерге ерисилди. Усы шеңберде, инвесторлар жердиң өнимдарлығын үйренип болғаннан соң, эксперимент сыпатында аймақта Пакистанда жетистирилетуғын картошка ҳәм «басмати» сортлы гүришти жетистириў тилегинде екенлигин билдирди.

Image not found or type unknown

Буннан соң, инвесторлар «Қанлыкөл» аўыл пуқаралар жыйынында болып, аймақтағы алдыңғы фермер хожалықларының өним жетистириўдеги агротехнологиялары ҳәм имканиятлары менен жақыннан танысты. Өз-ара алып барылған пикирлесиўлер тийкарында, инвесторлар алдағы ўақытларда районда көлемли жумыслар алып барыў мүмкиншилиги жоқары екенлигин айрықша атап өтти.

**Қанлыкөл районы ҳәкимлиги Мәлимлеме хызмети**